

Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you, becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin wey you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible, for di area wia you dey live, wia

dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.



DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL

~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World

www.divineliterature.org

www.doveletters.org

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our websites if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023



One Minute Afta

Na everibodi wan live plenti good years for earth. But di truth be sey, death fit visit anytime come take pesin wey dey young, di one wey dey old; di one wey get plenti moni, di one wey no get; di one wey be saint, and di one wey dey sin. As Adam get curse to die for bodi becos of sin, na so e drag everi human being enta di curse (Romans 5:12).

Everibodi go die one day. Afta dat, we go face judgement (Hebrews 9:27). Wen pesin die, im pipo go dey sad. Dem go begin dey plan im funeral. Dem go make arrangements; dem go prepare to read im will. As dem dey mourn, di soul of di pesin wey die don dey inside one kain place like dat: E

Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you, becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin wey you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible, for di area wia you dey live, wia

dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.



DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL

~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World

www.divineliterature.org

www.doveletters.org

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our websites if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023



One Minute Afta

Na everibodi wan live plenti good years for earth. But di truth be sey, death fit visit anytime come take pesin wey dey young, di one wey dey old; di one wey get plenti moni, di one wey no get; di one wey be saint, and di one wey dey sin. As Adam get curse to die for bodi becos of sin, na so e drag everi human being enta di curse (Romans 5:12).

Everibodi go die one day. Afta dat, we go face judgement (Hebrews 9:27). Wen pesin die, im pipo go dey sad. Dem go begin dey plan im funeral. Dem go make arrangements; dem go prepare to read im will. As dem dey mourn, di soul of di pesin wey die don dey inside one kain place like dat: E

How Pesin fit Receive Jesus Christ Now?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:

Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life way dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey

How Pesin fit Receive Jesus Christ Now?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:

Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life way dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey

How you set dey? You know we tin dey wait for you wen you die? Di pipo way you dey follow don tell you sey salvation na serious mata? Dem don tell you sey, di tok: *Pesin go come back word con live as anoda pesin afta dem die*, na lie? Dem don tell you yet sey, nobodi fit dey saved becoss of di good tins wey dem do, but only by Jesus Christ blood? Jesus Christ na di only way to Heaven. E tok sey, "*Na Me be di Way, di Truth and di Life. Nobodi fit come meet di Fada unless na tru Me*" (John 14:6). Na only Christ get power to save pipo - no oda pesin get am (Acts 4:12). E mean sey, pipo wey no gree receive am, con die like dat, go land inside lake of faya last last (Revelation 20: 15). God no promise sey anybodi go live to see tomorrow (James 4:13-15). Repent from sin now, con receive Christ, make you for get forgiveness and life wey no dey end. Tomorrow fit dey too late!

How you set dey? You know we tin dey wait for you wen you die? Di pipo way you dey follow don tell you sey salvation na serious mata? Dem don tell you sey, di tok: *Pesin go come back word con live as anoda pesin afta dem die*, na lie? Dem don tell you yet sey, nobodi fit dey saved becoss of di good tins wey dem do, but only by Jesus Christ blood? Jesus Christ na di only way to Heaven. E tok sey, "*Na Me be di Way, di Truth and di Life. Nobodi fit come meet di Fada unless na tru Me*" (John 14:6). Na only Christ get power to save pipo - no oda pesin get am (Acts 4:12). E mean sey, pipo wey no gree receive am, con die like dat, go land inside lake of faya last last (Revelation 20: 15). God no promise sey anybodi go live to see tomorrow (James 4:13-15). Repent from sin now, con receive Christ, make you for get forgiveness and life wey no dey end. Tomorrow fit dey too late!

fit be Paradise (di place wia righteous pipo dey stay bifor dem go resurrect, begin dey live life wey no dey end – *read am for Luke 23:42-43*), or e fit be Hades (di place wia pipo wey get sin dey stay till Judgement Day, wen God go troway dem inside lake of faya – *read am for Luke 16:23-28*).

If na Hades, di pesin don begin dey sofa now. E fit dey vex if e rememba pipo wey dey saved, wey dey close to am, but dem no tell am how e for enta Paradise. E fit dey regret if pipo warn am, and dem beg am make e comot hand for sin and receive Christ, but e no wan hear di tok. Di sad tin be sey, dis pipo no dey wit am now to dey beg am; and pesin no dey get chance wit Christ afta death. If di dead pesin dey for Paradise, dat one na very good news; di pesin dey rest for place wey beautiful pass anytin wey e don see bifor. Pain no dey; sorrow no dey. Na joy full there. E just dey wait for hin reward.

fit be Paradise (di place wia righteous pipo dey stay bifor dem go resurrect, begin dey live life wey no dey end – *read am for Luke 23:42-43*), or e fit be Hades (di place wia pipo wey get sin dey stay till Judgement Day, wen God go troway dem inside lake of faya – *read am for Luke 16:23-28*).

If na Hades, di pesin don begin dey sofa now. E fit dey vex if e rememba pipo wey dey saved, wey dey close to am, but dem no tell am how e for enta Paradise. E fit dey regret if pipo warn am, and dem beg am make e comot hand for sin and receive Christ, but e no wan hear di tok. Di sad tin be sey, dis pipo no dey wit am now to dey beg am; and pesin no dey get chance wit Christ afta death. If di dead pesin dey for Paradise, dat one na very good news; di pesin dey rest for place wey beautiful pass anytin wey e don see bifor. Pain no dey; sorrow no dey. Na joy full there. E just dey wait for hin reward.